رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

нохчийн | شيشاني | رَسُولُ الإِسْلَامِ مُحَمَّدٌ ﷺ

# Исламан Элча Мухьаммад, АллахIера салам-маршалла хуьлда цунна

Аль-Хьарам маьждиган а, Пайхамаран (ﷺ) маьждиган а динан гIуллакхийн урхаллан Іилманан комитет

رَسُولُ الإِسْلَامِ مُحَمَّدٌ ﷺ

# Исламан Элча Мухьаммад, АллахIера салам-маршалла хуьлда цунна

اللَّجْنَةُ العِلْمِيَّةُ

بِرِئَاسَةِ الشُّؤُونِ الدِّينِيَّةِ بِالمَسْجِدِ الحَرَامِ وَالمَسْجِدِ النَّبَوِيِّ

Аль-Хьарам маьждиган а, Пайхамаран (ﷺ) маьждиган а динан гIуллакхийн урхаллан Iилманан комитет

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

# Исламан Элча Мухьаммад, АллахIера салам-маршалла хуьлда цунна

Къинхетаме а, Къинхетам бийриг а волчу АллахIан цIарца Исламан Элча Мухьаммадах (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) лаьцна доцца дакъа, цу чохь билгалдохуш: цуьнан цIе а, тайпа а, даймохк а, зуда ялор а, элчаналла а, цо нах кхойкхуш хилла долу дин а, пайхамараллин билгалонаш а, шариIат а, цуьнан мостагIаша цуьнца лелийна йолу юкъаметтиг а.

## 1- Цуьнан цIе а, тайпа а, иза вина а, кхиъна а волу меттиг.

Исламан Элча – иза ХIáшиман Iабдул-МуттIолибан Iабдулла́хIан кIант Мухьаммад ву, Ибра́хIиман кIентан Исма́Iилан тIаьхьенах волу, Делера салам-маршалла хуьлда царна.

Иштта, АллахIан пайхамар ИбраьхIим (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Шема-махкара Макка кхечира, цуьнца шен зуда ХIажар а, аганахь волу шен кIант ИсмаьIил а вара. Сийлахь-Везачу АллахIан омрица цо и шиъ Маккахь Iа ховшийра. Ткъа и кIант воккха хилча, ИбраьхIим-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) юха а Макка веана, шен кIантаца ИсмаьIилца (Делера салам-

маршалла хуьлда цаьршинна) цхьаьна КаІбат – Сийлахь ЦІа – дира. Оцу ЦІийнан гонаха адамаш гулдала а, деба а доладелира, ткъа Макка Іаламийн Делана Іибадат дечеран а, хьаьж кхочушдан луучеран а коьрта меттиг хилира. Дуккха а бІешерашкахь адамаш, ИбраьхІим-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) динехь лаьтташ, АллахІана Іибадат деш а, Иза цхьаъ веш а схьадехира.

ТІаккха, цул тІаьхьа, тилар хилира, Іарбойн ахгІайренан хьал а, шен гонаха йолчу дуьненан кхечу мехкийн хьолах тера дара. Цигахь гучадевллера деланаш лелоран гІуллакхаш: цІунашна Іибадат дар а, йоІарий дийна дІабохкар а, зударшна зулам дар а, харц тоьшалла дар а, чагІар малар а, боьха леларш дар а, бó беран бахам баар а, риба эцар а...

Кху меттехь, оцу гуонаха в.э. 571-чу шарахь дуьнен чу ваьлла Исламан Элча Мухьаммад, ІабдуллāхІан кІант, ИбрахІиман кІентан ИсмаЫилан тІаьхьенах волу – Делера салам-маршалла хуьлда царна. Иза дуьнен чу валале хьалха кхелхина цуьнан да, ткъа нана – иза ялх шо долуш. Цуьнан девашас Абу ТІалиба доладеш, бо бер а, миска а волуш кхиъна иза. Шен рицкъ шен куьйга къахьоьгуш латтош хилла цо.

## 2- Беркатечу Сийлахь йолчу зудица долу беркате захало

Цунна ткъе пхиъ шо долуш, цо Маккарчу зударшлахь уггаре а сийлахь йолчу Хувайлидан йоI Хадижат (АллахI реза хуьлда цунна) йалийра. Цуьнах цуьнан хилира диъ йоI, ши кIант а. Цуьнан ши кIант жималлехь волуш кхелхира. Шен зудчуьнца а, доьзалца а иза чIогIа кIеда-мерза а, безаме а вара. Цундела цуьнан зудчунна Хадижатна иза чIогIа везара, цуьнан а иза иштта чIогIа йезара. Иза кхелхинчул тIаьхьа дуккха а шераш даьлча а, цо иза йиц ца йира. Цо уьстагI а бой, иза Хадижатан (АллахI реза хуьлда цунна) доттагIашна дIасабоькъура, царна сий деш а, цунна лерам беш а, цуьнга болу безам ларбеш а.

## 3- Вахьйу доладалар

АллахIан Элча Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), АллахIа и кхоьллинчу хенахь дуьйна, сийлахьчу гIиллакххехь вара. Цуьнан къомо цунах Бакълуьйриг-Тешамениг олура. Цо цаьрца сийлахьчу гIуллакхашкахь дакъалоцура, ткъа цара лелош хиллачу цIу-ламасталлин гIуллакххех цунна гамо яра, царна юкъахь дакъа а ца лоцура.

Ткъа иза Маккахь волуш шовзткъа шаре кхаьчча, АллахIа иза Элча хилийта хаьржира. Цунна тIе Джибрил малик – IалайхIис-салам –

веара, Къуръан чуьра дуьххьара доссийначу суратан хьалхарчу аяташца, уьш Сийлахь-Везачун дешнаш ду:

﴿اقْرَأْ بِاسْمِ رَبِّكَ الَّذِي خَلَقَ ۝١ خَلَقَ الْإِنسَانَ مِنْ عَلَقٍ ۝٢ اقْرَأْ وَرَبُّكَ الْأَكْرَمُ ۝٣ الَّذِي عَلَّمَ بِالْقَلَمِ ۝٤ عَلَّمَ الْإِنسَانَ مَا لَمْ يَعْلَمْ ۝٥﴾

Деша хьайн Делан цIарцIа, Ша [халкъаш] кхоьллинчу (1).

Адам [нах] цIийн улхах кхоьллинчу (2).

Еша, ткъа хьан Дела Уггаре Комаьрша ву (3).

Ша Къоламца [яздар] Iамийна волу (4)

Цо адамна Iамийна цунна ца хууш хилларг (5)

[«аль-Iалакъ» сурат: 1-5],

ТIаккха иза шен зудчунна Хадижатна, АллахI реза хуьлда цунна, тIе веара, дог дегалуш. Цо цуьнга хилларг дийцира, ткъа цо иза паргIатваьккхира. Иза а эцна, иза шен девешин кIантана Варакъат ибн Навфална тIе яхара – иза керста дин тIеэцна а, Товрат а, Инжил а дешна а вара –. Хадижата цуьнга элира: «ХIай, сан девешин кIант, хьайн вешин кIанте ладогIа». ТIаккха Варакъата цуьнга элира: «ХIай, сан вешин кIант, хьуна хIун гина?». АллахIан Элчано, АллахIера салам-маршалла хуьлда цунна, шена гинарг дийцира цуьнга. ТIаккха Варакъата цуьнга элира:

(ХIара ву-кх и Дала Мусана доссийна

Намус(Джабраиль Малик). Дависийла, со оцу хенахь жима валхьара, хьайн къомо хьо аравоккхучу дийнахь со дийна а валхьара!». ТӀаккха АллахӀан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Баккъалла а, цара со аравоккхур вуй?». Цо элира: «ХӀаъ, ахьа далийнарг саннарг а дохьуш цкъа а цхьа а стаг веана вац, цунна мостагӀалла лелийна бен. Нагахь оцу дийне со кхачахь, ас хьуна чӀогӀа гӀоьнчалла дийр ду)».

Маккахь а цунна [ﷺ] тӀе Къуръан доссар сецна ца Ӏара. Иза Ӏаламийн Делера Джибрил-малико (ӀалайхӀис-салам) доссадора, элчаналлин кхетамаш а, хаамаш а луш.

Иза [ﷺ] шен къам Исламе кхойкхуш а вара, ткъа цуьнан къомо иза дӀа а теттира, цуьнца мостагӀалла а лелийра. Цара цунна, пайхамаралла дӀатосуриг, хьал а, паччахьалла а кховдийра, амма цо и дерриг а дӀатеттира. Цул хьалха хиллачу элчанашка церан къаьмнийн куьйгалхоша ма-аллара, цара а элира цуьнга: «Бозбуунча, харцлуьйриг, тӀе хӀума кхуллушверг». Цунна готто а йира цара, цуьнан сийлахьчу дегӀана тӀе а кхидира, цуьнан асхьабашна ницкъ а бира.

Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Маккахь вара, АллахӀе кхойкхуш, къаьстана хьаьждо-заманаьхь а, хьаждан баьхкина болу Ӏаьрбийн базарашка а лелаш, цигахь нахаца

цхьана а кхеташ, царна Ислам-дин а кховдош. Цо уьш дуьненан хIумаца а, я куьйгаллица а ца тебира, турца кхерам а ца туьйсура, иштта цуьнан Iедал а дацара, иза паччахь а вацара. Шен кхайкхаман юьххьехь дуьйна цо мостагIашка кхайкхам бора, ша Сийлахь-Доккхачу Къуръанера далийначунна тераниг даладе аьлла. ТIаккха цунах теша а тийшира сийлахьчу асхьабех тешнарш (АллахI реза хуьлда царна массарна а) .

Маккахь а АллахIа иза сийлахь вина доккхачу Iаламатца – буса Къудс-гIала кхачаварца а, тIаккха стигала хьал вакхарца а. Иштта, бусалбанашна а, керстанашна а гергахь ма-хьеххара, хууш ду АллахIа Ильяс а, Масихь Iийса а пайхамарш – Делера салам-маршалла хуьлда цаьршинна – стигала хьалабахар.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) стигалахь АллахIера ламаз даран омра тIеийцира. Иза бусалба наха дийнахь пхоьзза деш долу ламаз ду. Иштта сийлахь-йолчу Маккахь кхин цхьа доккха Iаламат а хилира – иза мушрикашна а гина долу беттан бекъабалар ду.

Къурайшин керстанаша, цунна мекарлонаш ян а, нах цунах дIахербан а чIогIа гIерташ, иза (дин) дIатоттархьама массо а некъ лелош, Iаламаташ гайтар дехарехь къарцалуш а бара, ткъа иштта жуьгташка а гIо доьхура, цуьнца

къийсалуш а, нах цунах дӀатоттуш а шайна гӀо дийр долу буххаш цаьрга даладайтархьама.

Къурайшин керстанаша бусалба нахана Іазап латтораьхь совцуш ца хилча, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) царна Хьабаше хӀижрат дан пурба делира. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цаьрга элира: «Цигахь нийсо лелош паччахь ву, цуьнгахь цхьанне а зулам ца хуьлу». Иза керстачу динехь волу паччахь вара. Цундела царех шин тобано Хьабаше хӀижрат дира. МухӀажираш Хьабаше дӀакхаьчча, цара Нажаший паччахьана Мухьаммад Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) далийна долу дин дийцира. Цо ислам дин тӀеийцира, тӀаккха элира: «ХӀара а, -ВаллахӀи-, Муса пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) далийнарг а цхьана хьостара схьадогӀуш ду». Цул тӀаьхьа цунна а, цуьнан асхьабашна а шен къоман агӀора халонаш тӀекхета йолайелира.

Хьаьж-хенахь Цунах тешначарна юкъахь бара Мадийнат-шахьарара схьаеъна цхьа тоба нах. Цара Цунна байӀат дира Ислам дин тӀеэцарна а, Иза шайн гӀала дӀакхелхича Цунна гӀо-накъосталла дарна а; оцу шахьаран цӀе (Ясриб) яра. Цул тӀаьхьа Цо царех Маккахь бисинчарна Пайхамаран Мадийнат-шахьаре хӀижрат дан бакъо елира. Цара хӀижрат дира, ткъа Мадийнатехь Ислам даржа доладелира,

цигахь Ислам дин чудаьлла доцу цхьа а цӀа ца диссалц.

Пайхамара (Делера салам-маршал хуьлда цунна) Маккахь кхойтта шо АллахӀе кхойкхуш дӀадаьхьначул тӀаьхьа, АллахӀа цунна Мадийнате хӀижрат дан пурба делира. ТӀаккха цо (Делера салам-маршал хуьлда цунна) хӀижрат дира, АллахӀе кхайкхар дӀа а даьхьира. Цигахь тӀаьхь-тӀаьхьа исламан шариӀатан хьукманаш доссо доладелира. Цо шен элчанаш, цаьрца исламе кхойкху кехаташ а долуш, тайпанийн тхьамданашка а, паччахьашка а бахкийта волавелира. Цо элчанаш бахкийтинчарна юкъахь бара: Руман паччахь а, Персойн паччахь а, Мисаран паччахь а.

Мадинат-шахьарахь малх лецира, тӀаккха нах кхерабелира. Иза Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кӀант ИбраьхӀим кхелхинчу дийнахь нисделира. ТӀаккха наха элира: «Малх ИбраьхӀим валарна бахьанехь лецира». ТӀаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира:

(إِنَّ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ لَا يَكْسِفَانِ لِمَوْتِ أَحَدٍ، وَلَا لِحَيَاتِهِ، وَلَكِنَّهُمَا مِنْ آيَاتِ اللهِ يُخَوِّفُ اللهُ بِهِمَا عِبَادَهُ).

(Баккъалла а, малх а, бутт а цхьаьннан а валарна я варна ца лоцу, амма уьш-м АллахӀан аятех ши аят ду, цаьршинца АллахӀа Шен лайш

кхерабо)[1]«

Нагахь санна Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) харцлуьйриг а, харц пайхамар а велахьара, цо сиха нах кхерор бара ша харцварах, олуш: «Малх сан кIант кхалхарна лецира, ткъа со харцвечунна хIун хир ду?».

Ткъа Элча – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – шен Дала гIиллакхийн камаьршаллица хаздина ву, Дала цуьнан васф дина Шен дашца:

﴿وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٍ ۝٤﴾

Баккъалла а, хьо лекха гIиллакхаш долуш ву.

[Къолам сурат:4],

Иза массо а хазачу гIиллакхца къаьсташ вара: бакълуьйраллица, цIеналлица, майраллица, нийсонца, тешамаллица, шен мостагIашца а; комаьршаллица а, къехошна а, мискачарна а, дIабахийтан зударшна а, хьаштахошна а сагIа далар дезарца а; царна нийса некъ гайтарехь хьаьгна хиларца а, цаьрца къинхетаме а, царна муьтIахь а хиларца а. Иштта а хилла, цхьа вевзаш воцу стаг Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) лоьхуш веача, иза шен асхьабашна (АллахI реза хуьлда царна) юккъехь Iаш волуш, иза царна юкъара къасто ца велла, хоттуш хилла: «Шух муьлхарг ву Мухьаммад?»

Цуьнан дахар-гIиллакх кхачамаллин а,

[1] Сахьихь Муслим (901)

оьздангаллин а тоьлла масал дара, массаьрца а юкъаметтиг лелорехь: мостагІчуьнца а, доттагІчуьнца а, гергарчуьнца а, генарчуьнца а, воккхачуьнца а, жимачуьнца а, стеганца а, зудчуьнца а, акхаройца а, олхазарца а.

АллахІа цунна дин кхочуш а дина, Элчано а – Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна – шен хаам кхоччуш дІа а кхачийча, иза кхелхина, кхузткъа кхо шо хан йолуш. Царах шовзткъа шо – пайхамараллале хьалха даьккхина, ткъа ткъе кхо шо – пайхамар а, элча а волуш.

Иза дІавоьллина Пайхамаран Мадийнат-гІалахь (АллахІера салам-маршалла хуьлда цунна). Цо ша тІехууш хилла йолу шен кІайн вир а, некъахошна сагІийна дІаделла латта а доцург, цхьа а даьхни я верас дитина дац.[1]

Ислам дин тІеэцна, иза бакъвина, цунна тІаьхьахІоьттинарш дукха халкъ дара. Цуьнан асхьабех бІе эзарнал сов стага цуьнца Іодиканан хьаьж дира. Иза хилла иза кхалха гергга кхо бутт хьалха. Ткъа иза, тера ду, цуьнан динларделла хиларан а, иза даржаран а къайленех цхьаъ хилар. Баккъалла а, исламан мехаллашца а, хьесапашца а цо кхиийна болу цуьнан асхьабаш асхьабех уггаре а дикачарех бара: нийсонца а, зуьхІдаллехь а, суьпаллехь а, тешамаллехь а, шаьш тешначу оцу сийлахьчу

[1] Сахьихь аль-Бухари (4461) 6/15.

динан доьхьа къахьегарца а.

Ткъа цуьнан асхьабех (АллахI реза хуьлда царна массарна а) иманехь а, Iилманехь а, Iамалехь а, ихласехь а, бакъварехь а, комаьршаллехь а, майраллехь а, оьздангаллехь а уггаре а сийлахь берш бара: Абу Бакр ас-Сиддикъ, Iумар ибн ал-ХаттIаб, Iусман ибн Iаффан, Iалий ибн Абу ТIалиб (АллахI реза хуьлда царна). Уьш доьхьар цунах тешна а, иза бакъвинчарех а бара. Иштта уьш бара цул тIаьхьа хилла халифаш, цул тIаьхьа динан байракх лелийна болу. Цаьргахь пайхамараллин башхаллех цхьа а хIума хилла дац, Цо уьш бисинчу шен асхьабашна (АллахI реза хуьлда царна) юкъахь цхьана а хIуманца къастийна а бац.

АллахIа лардина Шен Жайна, Иза (Пайхамар ﷺ) деана долу, цуьнан Суннат а, дахар а, дешнаш а, гIуллакхаш а - цо буьйцучу маттахь. Тарихаьхь цхьаьннан а дахар ларделла дац, цуьнан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) сийрат ларделларг санна. Ма-дарра аьлча, цо (Пайхамара ﷺ) муха наб йора, хIума йуура, хи молура, велалора бохург а ма ларделла.

Ткъа шен цIа чохь шен хIусамца муха ду цуьнан лелар?

Цуьнан дерриг хьал лардина, дIаяздина ду цуьнан сиратехь. Иза – адам а, элча а ву, цуьнгахь Делан куьцех цхьа а хIума дац. Шена

пайда бан а, я зен дан а ницкъ бац цуьнан.

## 4- Цуьнан элчаналла

Дуьненан массо маьIIехь ширк а, керсталла а, жIаьхIалла а дIасадаьржинчул тIаьхьа, лаьтта тIехь Далла Iибадат дийриг, Цуьнца цхьа а хIума накъост а ца веш, Жайна охьадоссийначех кIеззиг нах бен ца бисанчхенахь, Дала ваийтира Шен Элча Мухьаммад (Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна) пайхамаршна а, элчанашна а тIаьххьарниг а волуш. Дала иза массо Iаламнашна нийсачу новкъаца а, бакъ динца а ваийтина, иза массо а динал лакхадоккхуш, ткъа иштта нах цIунашна Iибадатдаран а, керсталлин а, жIаьхIаллин а боданаш чуьра тавхьидан а, иманан а нуьре арабахархьама. Цуьнан элчаналла хьалха хиллачу пайхамарийн (Делера салам-маршалла хуьлда царна) элчаналлаш кхочушдеш ду.

Цо кхайкхина, шайна Делера салам-маршалла хуьлда, Нухь, ИбраьхIим, Муса, Сулайман, Давуд, Iийса пайхамарша а, элчанаша а кхайкхначу дерриг а хIумане, аьлча а: Кхиош-кхобуш верг АллахI хиларх, Иза Кхолларг, Рицкъ луш верг, Дахар луш верг, Валар луш верг, Паччахьаллин Да хиларх тешаре; гIуллакхашна урхалла дийриг а Иза хиларх, Иза шай лайшца Къинхетаме а хиларх; иштта, Iаламашкахь дерриг а – вайна гуш дерг а, ца гуш

дерг а – кхоьллинарг АллахI хиларх, ткъа АллахI воцург дерриг а Цуьнан кхолламех цхьа кхоллар хиларх тешаре.

Иштта, цо кхайкхам бира цхьана АллахIана Iибадат даре а, Цул совнах долчунна Iибадат дар дитаре а. Цо тIех чIогIа билгалдаьккхира АллахI цхьаъ хилар а, Шена Iибадат дарехь а, Шен долаллехь а, Шен кхоллараллехь а, Шен урхаллехь а Цуьнан накъост цахилар а. Цо иштта билгалдаьккхира, Сийлахь-Веза волу АллахIа цхьа а цавинар хилар а, Ша цхьаннах а вина цахилар а, Цуьнан ницкъ болуш я Цунах тера цхьа а цахилар а, Ша кхоллинчу цхьана а хIуманна чу Иза хIуьттуш цахилар а, цуьнах дегI а оьцуш цахилар а.

Цо Делан жайнех тешаре кхайкхира: ИбрахIиман а, Мусан а (Делера салам-маршалла хуьлда цаьршинна) тептарех, Товратах, Забурах, Инжилах. Иштта цо массо а элчанех (Делера салам-маршалла хуьлда царна) тешаре а кхайкхира. Цо лорура, цхьа пайхамар харцвиначо массо а пайхамаршца керстаналла дина хилар.

иштта Цо (Пайхамаро ﷺ) Массо а нахана АллахIан къинхетамца кхаъ баьккхира, ткъа иштта АллахI хIокху дуьненахь царна тоам бен верг хиларх а, Иза Къинхетаме Кхиош-кхуллуш верг хиларх а, Къематдийнахь, массо а кхоьллинарш церан кешнера гIовтточу хенахь,

царна хьесап дийр долуш верг Иза цхьаъ волуш хиларх а. Иштта бусалба нахана церан дикачу Іамалшна итт ах сов ял луш верг Иза хиларх а, ткъа вон Іамална бекхам цунах тер бен хир боцуш хиларх а, царна эхартахь даиман долу ниІмат хир хиларх а. Ткъа керстаналла а дина, вон Іамалш йинчо шен бекхам кхочур бу хІокху дуьненахь а, эхартахь а.

Элчано Мухьаммада (АллахІера салам-маршалла хуьлда цунна) шен элчаналлехь ца хестийна шен тайпа а, шен мохк а, шен сийлахь долу са а. Амма Сийлахь-дезачу Къуръан чохь пайхамарийн – Нухьан, ИбраьхІиман, Мусан, Іийсан (АллахІера салам-маршалла хуьлда царна) – цІерш цуьнан цІе хьехийнчул а дуккхазза сов хьехийна ю. Сийлахь-дезачу Къуръан чохь цуьнан ненан цІе а, цуьнан зударийн цІерш а хьехийна йац. Ткъа Къуръан чохь Мусан нана цкъаннал сов хьехийна ю, ткъа Марьям (АллахІера салам-маршалла хуьлда цунна) ткъе пхийттазза хьехийна ю.

Ткъа Элча Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ларвина ву шариІатана а, хьекъална а, Іаламана а дуьхьал долчу я дикачу гІиллакхо тІе ца оьцучу массо а хІуманах. ХІунда аьлча, пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлда царна) ларбина бу АллахІера шаьш дІакхачочу хІуман тІехь, иштта царна тІедиллина ду АллахІан омранаш Цуьнан

лайшна дӀакхачор а. Пайхамарийн Дела хиларан йа Делан куьцашкахь долчух цхьа а хӀума дац, уьш - кхечу адамех тера адамаш ду, Сийлахь-Везачу АллахӀера Шега вахьйу дуссуш хилла болу.

Мухьаммад Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаам АллахӀера вахьйу хиларан уггаре а доккхачу тоьшаллех цхьаъ ду: иза таханлерачу дийне кхаччалц, иза дийна волуш ма-хиллара, цхьа а хийцам а, харцдар а доцуш схьакхаьчна хилар. Цунна тӀаьхьахӀуьтту миллиардал сов бусалба стаг, цара цуьнан шариӀатан парзаш – ламаз, закат, марха, хьаьж, кхидерш а – кхочушдо, цхьа а хийцам а боцуш.

## 5- Цуьнан пайхамараллин Ӏаламаташ а, билгалонаш а, далилаш а.

АллахӀа пайхамарш чӀагӀбо церан пайхамаралла гойтуш долчу аяташца, иштта царна хӀиттадо церан элчаналла тешалла деш долу тоьшаллаш а, далилаш а. Баккъалла а, АллахӀа хӀора пайхамарна адамаш тешийта тоъал долу аяташ делла. Пайхамаршна деллачу аятех уггаре а сийлахьдерш - иза вайн Пайхамаран Мухьаммадан (Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна) аяташ ду. Цунна АллахӀа Сийлахь-Дозалла долу Къуръан делла, иза пайхамарийн аятех Къематдега кхаччалц дисина долу аят ду. Иштта АллахӀа иза чӀагӀвина

сийлахь-доккхачу аяташца (Іаламаташца). Элчанан Мухьаммадан - Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна - аяташ дукха ду, царах ду:

Исраъ а, МиІраж а, беттан бекъабалар а, йокъалла хІоьттинчу нахана хи далар доьхуш шен Деле доІа динчул тІаьхьа дукхазза догІа доссор а.

КІезиг йолчу юурганна а, хинна а беркат дар, цунах дуккха а халкъан даар а, малар а хилар.

АллахІа шена хаам барца, цхьаннен а билгаллонца хууш ца хиллачу дІадаханчу къайленех лаьцна цо дийцар а, пайхамарийн (Делера салам-маршалла хуьлда царна) шайн къаьмнашца хилла дийцарш а, Асхьабул-кахІф дийцар а санна.

ТІейогІучу хенахь хила долчу къайлахчу хІуманех цо хаам бар а, Сийлахь-Везачу Дала шега хаам барца, тІаьхьо уьш ма-хиллара нисделла а долуш, масала, Шема-махкахь болчарна гина йолу Хьиджаз-махкара арайолу цІеран хаам, иштта адамаш гІишлош ярехь вовшех хьалхадовлар а.

АллахІ цунна тоъал хилар а, нахах Цо и ларвар а.

Кхочушхилира Цуьнан ваІданаш Шен асхьабашна, Цо цаьрга ма-аллара:

(لَتُفْتَحَنَّ عَلَيْكُمْ فَارِسُ وَالرُّومُ، وَلَتُنْفَقَنَّ كُنُوزُهُمَا فِي سَبِيلِ اللهِ).

(Шуьга дІаеллалур ма ю Парси а, Рум а, ткъа аша цу шиннан хазнаш а АллахІан некъахь харжйийр ма ю).

АллахІа иза малайкашца тІечІагІвар.

Пайхамарша (Делера салам-маршалла хуьлда царна) шайн къаьмнашка Мухьаммад Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) пайхамараллех лаьцна кхаъ баккхар а, цунах лаьцна кхаъ баьккхинчарех бу Муса а, Давуд а, Сулайман а, Іийса а (Делера салам-маршалла хуьлда царна), Исраилан кІоман юкъара кхиболу пайхамарш а.

Могуш долу хьекъалш муьтІахь хуьлуш долчу хьекъали далилашца а, даьхкинчу масалшца а[1].

ХІара аяташ а, далилаш а, хьекъалан масалш а Сийлахь-долчу Къуръан чохь а, Пайхамаран Суннатехь а даьржина ду. Цуьнан аяташ дагар ма-аллара дукха ду. Ткъа царах кхета лууччо Сийлахь-долчу Къуръане а, Суннатан а, Пайхамаран Сиратан а жайнашка хьажийла, царна чохь карор бу-кх оцу аятех лаьцна шеко йоцу хаам.

Нагахь санна и сийлахь-йоккха билгалонаш

[1] ХІай нах! Масал далийна [шуна), ладогІа цуьнга. Баккъалла а, шаьш аша АллахІ [Іад] витина кхойкхурш, цара [цкъа а] кхуллур ма бац моза [цара хІуъу а дича], уьш [цІуйш] цунна [дуьхьа гулъелча а [кхуллур бац]. Мозано шайх цхьа хІума ядийча, царна цуьнгара схьаяккхалур [ма] яцара и. ЗаьІап [гІийла] хили [ша] лохург а, [ша] лоьхург а. [Хьаьж сурат: 73]

хила-м ца хиллехьара, Iарбойн ахгIайрен тIехь хилла болчу цуьнан мостагIашна - Къурайшин кяфиршна а, жуьгташна а, насорашна а - иза харцван а, нах цунах ларбан а аьтто карор бара.

Сийлахь-Дозалла долу Къуръан – иза АллахIа Мухьаммад Пайхамаре – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – вахьий дина Жай-на ду. Иза – Iаламийн Делан къамел ду. АллахIа адамашка а, жинашка а кхайкхам бина, цунах тераниг я цунах тера цхьа сурат даладе аьлла, и кхайкхам таханлерачу дийне кхаччалц а бу. Сийлахь-Дозалла долчу Къуръано миллионаш адамаш цецбохуш долчу дуккха а мехалчу хаттаршна жоьпаш ло.Сийлахь Къуръан таханлерачу дийне кхаччалц лардина ду, иза доссийначу Iаьрбийн маттахь, цхьа а элп эшош а доцуш. Иза зорба тоьхна, даржийна а ду. Иза – адамашна тIедеана уггаре а доккха, Iаламате жайна ду, иза деша а, я цуьнан маьIнийн гочдар деша а хьакъ долуш. Иза девзина а, цунах тешна а воцчунна дерриг диканиг дIадаьлла.

Иштта Мухьаммад Пайхамаран – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – суннат а, цуьнан некъ а, дахар а лардина а, дIаделла а ду тешаме болчу дийцархойн зIенашца, иза зорба тоьхна ду Мухьаммад Пайхамара – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – бийцинчу Iаьрбийн маттахь, иза вайна юккъехь вехаш волуш санна, дуккха а меттанашка гоч а дина ду.

Сийлахь-долу Къуръан а, Пайхамаран – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – суннат а Исламан хьукманийн а, шарIан а цхьаъ бен доцу хьоста ду.

## 6- Элчано Мухьаммада -Делера салам-маршалла хуьлда цунна- деъна долу ШарIиат

Элчано Мухьаммада – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – деана долу ШарI – иза Исламан шарI ду. Иза Делан шариIатийн а, элчаналлин а тIаьххьарниг ду. Иза шен бух тIехь хьалха хиллачу пайхамарийн шариIаташца тера ду, церан кепаш тайп-тайпана елахь а.

Иза кхачамаллин шариIат ду, иза массо а заманна а, меттигна а догIуш ду. Цуьнгахь адамийн динан а, дуьненан а тодалар ду. Цо чулоцу Iаламийн Делана лайшна тIедоьжна долу массо а Iибадат, ламаз а, закат а санна. Иштта цо адамашна билгалдоху финансийн а, экономикин а, социальни а, политикин а, тIеман а, экологин а юкъаметтигашкахь мегаш дерг а, цамегаш дерг а, иштта адамийн дахарна а, эхартана а оьшуш долу кхин дерг а.

ХIокху ШарIо лардо нехан динаш а, церан цIийш а, сий-ларам а, бахам а, хьекъалш а, тIаьхьенаш а. Цо шен чохь массо а дика гIиллакх а, дикалла а латтадо, иштта массо а вон гIиллакхах а, вонах а ларво. Цо кхойкху адаман

сий-лараме а, юккъерчу некъе а, нийсоне а, цӀена даггара хиларе а, цӀаноне а, болх тӀехдика баре а, безаме а, нахана дикане лааре а, цӀий Ӏанор сацоре а, Даймохк кхерамзаллехь хиларе а, иштта нах бакъо йоцуш кхеро а, дог-этӀо а ца магоре а. Мухьаммад Пайхамар – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – массо а кепара а, куьцера а долчу зуламна а, талхорна а дуьхьал тӀом беш вара, иштта тиларшна а, ша ваьлла Ӏаш хиларна а, дуьне дитарна а (рахӀбанийййат) дуьхьал а вара.

Элчано Мухьаммада (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) билгалдаьккхина, АллахӀа адам – боьрша стаг а, зуда а – сийлахь дина хилар, цунна цуьнан ерриг бакъонаш кепатоьхна хилар, иза шен дерриг харжамашна а, гӀуллакхашна а, леларна а жоьпалле витина хилар, цунна тӀе а дуьллуш ша-шенна я кхечарна зен долу муьлххачу а гӀуллакхан жоьпалла. Цо боьрша стаг а, зуда а иманехь а, жоьпаллехь а, бекхамехь а, ял хиларехь а цхьатерра бина. ХӀокху шариӀатехь зудчунна – нана а, хӀусамнана а, йоӀ а, йиша а йолчунна – къаьсттина терго ю.

Мухьаммад Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) деанчу ШарӀо хьекъал лардар а, и дохош долу хӀума, масала, чагӀар малар, хьарам дар а тӀедожийна. Ислам-дино дин хьекъална некъ серлабоккху нур лору, адам

шен Делана кхетамца а, хаарца а Іибадат дан дезаш хиларна. Исламан шарІо хьекъалан дарж айбина, иза жоьпаллин бух бина, иза харцонан а, жІарашна я деланашна гІуллакх даран а гІоранах паргІатдаьккхина.

Исламан шариІато нийса долу Іилма сийлахь лору, ишттта лаамех цІенчу Іилманан талламашка а, шега а, Іаламе а хьежаре а, ойла яре а кхойкху. Ткъа Іилманан нийса долу жамІаш Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) далийначунна дуьхьал ца догІу.

ШарІахь цхьана а тайпанчу адамашна кхечу тайпанчу адамашна хьалха къастам бац, цу чохь цхьана а къомана кхечу къомал гІоле хилар дац, хІетте а, цуьнан хьукманашна хьалха массо а цхьатерра ву. ХІунда аьлча, адамаш шайн бухорамехь цхьатерра ду. Цхьана а тайпанан кхечу тайпанал гІоле хилар дац, цхьана а къоман кхечу къомал гІоле хилар дац, Делах кхерарца бен. Мухьаммад Пайхамара – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – хаийтина, хІора а бер фитІрат тІехь дуьнен чу долуш ду аьлла. Адамех цхьа а къинош долуш я кхечун къа верасаллехь долуш дуьнен чу ца волу.

Исламан шариІатехь Дала тоба дар хІоттийна, иза ду: стаг шен Деле верзар а, къа дитар а. Исламо дІадоху шел хьалха хилла долу къинош, тобано а дІадоху шел хьалха хилла долу къинош. Цундела стага шен къинош

адамашна хьалха дӀадийца оьшуш дац. Исламехь стагана а, Делана а юккъехь йолу зӀе нийса ю, цундела хьуна а, Делана а юккъехь юкъарлонча хила цхьа а ца оьшу. Исламо ца магадо адамех деланаш бар я уьш АллахӀан накъостий бар Цуьнан Делаллехь я Ӏибадатехь.

Мухьаммад Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) деана долу шариӀато цул хьалха хилла долу массо а шариӀат дӀадоккхуш ду. ХӀунда аьлча, Мухьаммада (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) АллахӀера деана долу Исламан шариӀат – иза Къематде кхаччалц хир долу тӀаьххьара шариӀат ду, иза массо а Ӏаламна ду. Цундела цо дӀадаьхна шел хьалха хилларг, хьалха хиллачу шариӀаташа вовшаш дӀадаьхна ма-хиллара. Сийлахь-Веза волу АллахӀа Исламан шариӀат доцург кхин шариӀат къобалдеш дац, иштта Цо къобалдеш дац Мухьаммад Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) деана долу Ислам доцург кхин дин. Нагахь цхьаммо Ислам дин доцург кхин дин леладахь, цуьнгара иза къобалдийр дац. Ткъа хӀокху шариӀатан хьукмийн кӀоргера хаарш довза луучо, уьш Исламах лаьцна дуьйцучу тешамечу жайнашкахь лохийла.

Исламан шариӀатан Ӏалашо ю, – иштта массо а Делан элчаналлин Ӏалашо ма-ярра, – бакъ дино адам лакха а даккхар, цунах Ӏаламийн Дела

волчу АллахIан цIена лай а веш, иза адаман а, хIуманан а, тиларийн а лайналлех паргIат а воккхуш.

Баккъалла а, Исламан шариIат муьлххачу а заманна а, меттигна а мегаш ду, цуьнгахь адаман нийсачу пайдех дуьхьалдолуш хIума дац, хIунда аьлча иза адамашна оьшург хуучу АллахIера доссийна ду. Ткъа адамашна оьшу ша-шенчохь нийса долу, вовшийн дуьхь-дуьхьал ца догIу, адамаллина пайдехь долу, адамо хIоттийна доцу, амма АллахIера доссийна долу, адамаш дикаллин а, нийсонан а новкъа нисдеш долу шариIат. Нагахь цара цуьнга кхел йайтахь, церан гIуллакхаш нислур ду, уьш вовшийн зуламах а ларлур бу.

## 7- Цуьнан мостагIаша цуьнан пайденна тешалла дар.

Цхьа шеко йоцуш, хIора пайхамаран хилла шен мостагIий, цуьнца мостагIалла лелош а, цуьнан кхайкхаман некъана дуьхьалхIуьттуш а, нах цунах тешарах юхатухуш а. АллахIан Элчанан Мухьаммадан а - Делера салам-маршалла хуьлда цунна - хилла дуккха а мостагIий, иза дийна волуш а, иза кхелхинчул тIаьхьа а. АллахIа церан массарна а тIехь толам баьккхийтина цуьнга. Бакъдолуш, царах дукхах болчара - ширачу заманахь а, керлачу заманахь а - тIаьхь-тIаьхьа тоьшаллаш дина, иза

пайхамар хиларх а, цул хьалха хиллачу пайхамарша - Делера салам-маршалла хуьлда царна - далийнарг саннарг далош веана хиларх а, иза бакъонца вуйла царна хууш хиларх а. Амма царах дукхах болчарна иман дилла новкъарло йина дуккха а бахьанаша, масала: куьйгалла дезаро, я юкъараллех кхераро, я шайн даржашца доьзна долу бахам байаро.

Ткъа хастам бу АллахIана - Iаламийн Деланна.

❊❊❊

# الفهرس

1- Цуьнан цIе а, тайпа а, иза вина а, кхиъна а волу меттиг. .......... 2

2- Беркатечу Сийлахь йолчу зудица долу беркате захало .......... 4

3- Вахьйу доладалар.......... 4

4- Цуьнан элчаналла .......... 13

5- Цуьнан пайхамараллин Iаламаташ а, билгалонаш а, далилаш а.......... 16

6- Элчано Мухьаммада -Делера салам-маршалла хуьлда цунна- деъна долу ШарIиат.......... 20

7- Цуьнан мостагIаша цуьнан пайденна тешалла дар. .......... 24

❊❊❊

رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

# رسالة الحرمين

# Message of The Two Holy Mosques

Guidance content for the visitors of the Holy Mosque and the Prophet's Mosque in languages.